

The Lost and Found/Chèche e wap jwenn

Yon jou, Wendell ak Floyd te chita ap tann devan biwo direktè lekòl la. Yo te vle pale ak li. Yo te nan pwoblèm paske yo te rate yon egzamen matematik. Yo te di pwofesè a, yon gwo chatwouj te bloke yo nan twalèt la. Ti mesye yo te panse yo pa t gen chans menm.

Mona li menm tou te vini nan biwo direktè a. Li t ap gade nan yon gwo bwat fèblan yo te mete bagay moun pèdi. Li te pèdi chapo chans li. Toudenkou Mona te tonbe nan bwat la e pèsonn pa ka wè li. Wendell ak Floyd deside pou yo grenpe e lage kò yo nan bwat la pou y al chèche Mona.

Bwat sa te yon gwo bwat, Wendell ak Floyd yo menm tou, te tonbe nan fon bwat la nan mitan yon pil jwèt ak rad moun te pèdi. Mona te jis anba e yo fini pa jwenn li. Yo wè yon pankat ki make “Chanm pou mete Chapo”

De mesye yo jwenn plizyè “chapo chans “ nan chanm sa a. Timoun yo rele: “Mona jwenn chapo li a”! Men chapo a te nan valiz li, pa nan kote tout chapo yo te ye. Timoun yo te pèdi, e yo pat ka jwenn ki jan pou yo soti. Mona fèmen zye li, e lonje dwèt li, konsa timoun yo ale nan direksyon Mona tap lonje dwèt li.

Finalman, apre yon vwayaj byen long, timoun yo rive nan biwo direktè a. Mona ret tann nouvo zanmi li yo panda you t ap pale ak direktè lekòl la. Apre sa yo tout mete chapo chans yo nan tèt yo. Zanmi yo santi you tout gen chans paske yo te ansanm.



